



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ POU PAVE TWA OTOWOUT NAN QUEENS AK BRONX

Investisman \$43.5 milyon ap amelyore sifas wout yo; travay ankou sou de pwojè aktyèlman, avèk yon twazyèm ki prevwa pou l kòmanse semèn pwochen

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te aonse ke travay ankou pou fabrike, pave ak fè reparasyon nan beton twa otowout nan Queens ak Bronx. Amelyoasyon wout yo, ki totalize \$43.5 milyon, gen ladan tout longè Throgs Neck ak Clearview Expressways nan toulède direksyon yo, ak pati nan Grand Central Parkway.

“Wout sa yo se pati enpòtan nan rezo transpòtasyon pou tout rejyon metropoliten an, plizyè milyon Nouyòkè depann sou li chak jou,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Avèk resifasaj ak pwojè antretyen prevantif, nou pral ede asire ke yo rete nan bon kondisyon pou kondwi ak reparasyon pou ane kap vini yo.”

Komisyonè Deptman Transpòtasyon Eta New York Matthew J. Driscoll te deklare: Gouvènè Cuomo ap amelyore enfastrikti transpòtasyon nan Vil New York ak nan tout eta nan fason pou kenbe New York konpetitif. Mizajou nan wout yo tankou sa yo kenbe moun ak komès pou ale delavan, e yo toulède esansyèl pou yon ekonomi fò.”

Throgs Neck Expressway

Pwojè \$20 milyon sa pral fabrike, pave ak fè reparasyon nan beton an jan sa nesèsè sou tout longè otowout la nan toulède direksyon yo ant Throgs Neck Bridge ak Bruckner Expressway. Nan fason pou redwi enpak sikilasyon an, kounye a yap fè travay lanwit nan direksyon lès, apati Bruckner Expressway. Travay la prevwa pou l fini nan otòn 2016.

Pave Ivè Difisil Grand Central Parkway

Ane pase, Gouvènè Cuomo te afekte lajan pou adrese wout yo ki te sibi anpil domaj nan move sezon ivè a. Yon kontra \$5.5 milyon ki te kòmanse nan ete 2015 ap kontinye nan sezon pave ki ankou a, avèk fabrikasyon, pave ak reparasyon mak anbeton NYSDOTnan seksyon direksyon lwès Grand Central Parkway ant Long Island Expressway ak 111th Street, ak direksyon lès sou Grand Central Parkway ant Clearview Expressway ak Union Turnpike. Travay nan direksyon lwès aktyèlman ankou,

e travay nan direksyon lès ap fèt pandan ete a. Travay prevwa pou l fini nan toulède seksyon yo nan fen 2016.

Clearview Expressway and Grand Central Parkway

Pwojè \$18 milyon sa pral fabrike, pave ak fè reparasyon nan beton an sou: tout longè Clearview Expressway nan toulède direksyon yo ant Hillside Ave. ak Willets Point Blvd.; toulède direksyon yo nan Grand Central Parkway ant 34th St. ak 82nd St.; ak direksyon lès sou Grand Central Parkway apati 168th St. pou rive nan Clearview Expressway. Travay ap kòmanse nan semèn 9 Me 2016, e li prevwa pou l fini nan Septanm 2017.

Chèf Konferans Demokratik Endepandan Sena a, Jeffrey Klein, te deklare:

"Enfrastrikti New York se pati prensipal nan gwo eta nou an e li enpòtan pou sante kominote nou yo. Mwen te fyè paske m te travay pou yon investisman amelyore nan otowout ak wout nou yo pandan ane yo, e mwen kontan pou m wè yo te pran mezi sa yo pou repare ak amelyore Bruckner Expressway ak Throgs Neck Bridge. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan kenbe enfrastrikti New York fò."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare: "Chak jou, otowout sa yo pote plizyè milye Nouyòkè nan travay yo epi mennen yo tounen lakay yo jwenn fanmi yo. Investisman nan wout nou yo reprezante non sèlman pi gwo opòtinite ekonomik pou New York, men opòtinite pou bay fanmi New York kap travay di yo otowout ki ansekirite ak fyab yo merite."

Senatè Tony Avella te deklare: "Chak sezon ivè kite dèyè wout yo andomaje e li enpòtan ke repons New York nesèsè epi santre sou kote ki bezwen l plis. Pwojè Repave Otowout Eta Gouvènè a verifiye de egzijans sa yo e mwen konplimante l ansanm avèk Depatman Transpòtasyon pou efò yo. Otomobilis yo nan distri mwen an ap apresye amelyorasyon ki te fèt yo epi gen plis sekirite akòz de sa. Reparasyon nan Grand Central Expressway, Throgs Neck Expressway ak Clearview Expressway ap anpeche aksidan ak soutni enfrastrikti a kap kenbe Eta sa ansanm avèk kominote nou yo pou yo ka rete solid."

Manm Asanble David Weprin te deklare: "Resifasaj Throgs Neck Expressway, Clearview Expressway ak Grand Central Parkway pral rann kondwi pi ansekirite epi redwi konjesyon sou kèk nan wout ki pi frekante nan Queens. Toulè twa wout sa yo enpòtan pou rezo transpò Queens – ansanm avèk transpòtasyon nan distri mwen an - e mwen aplodi Gouvènè Andrew Cuomo ak Depatman Transpò paske li te sipòte pwojè sa yo pou amelyore otowout nou yo."

Prezidan awondisman Queens Melinda Katz te deklare: "Amelyorasyon sa yo pral fè anpil bagay nan amelyore kondisyon wout la pou kondwi piblik e yo espesyalman apresye nan limyè efè rezidyèl ivè ki sot pase a te genyen sou wout nou yo. Gouvènè Cuomo ansanm avèk Depatman Transpòtasyon Eta New York merite aplodisman paske yo te antreprann pwojè renovasyon enpòtan sa nan enfrastrikti awondisman nou an."

Prezidan Awondisman Bronx Ruben Diaz, Jr. te deklare: “Resifasaj nan rezo enpòtan sa ant Pon Throgs Neck ak Bruckner Expressway ap ede amelyore enfrastrikti transpòtasyon pandan lap ankouraje kwasans ekonomik kap bay djòb pou rezidan Bronx ak Nouyòkè yo. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ak Depatman Transpò Eta pou sipò kontinyèl yo ak pou pwojè antretyen enfrastrikti enpòtan sa sou reparasyon pave ak beton.”

Manm Konsèy Barry S. Grodenchik te deklare: “Reparasyon ak resifasaj otowout yo nan eta se bon nouvèl, e mwen rekonesan anpil pou angajman Gouvènè Cuomo pou Lès Queens. Amelyorasyon sa yo pral fè vwayaj vin pi ansekirite ak pi pratik pou plizyè milye Nouyòkè kap travèse wout sa yo chak jou.”

Manm Konsèy Paul Vallone te deklare: “M ap remèsye Gouvènè Cuomo paske li fè investisman enpòtan sa nan otowout nou yo. Finansman pral fè yon wout long nan amelyore enfrastrikti ak sekirite Nouyòkè yo kap kondwi sou wout sa yo.”

Manm Konsèy James Vacca te deklare: Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te fè reparasyon nan enfrastrikti transpòtasyon vini yon priyorite. Wout sa yo se rezo transpò prensipal pou rejyon an. Mwen kontan paske nap reevwa lajan apwopriye pou nou ka fè amelyorasyon nesèsè yo.”

Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj nan tan reyèl, rele 511 oubyen vizite www.511NY.org. Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOT_NYC or on Facebook at facebook.com/NYSDOT.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418